



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO KONFIME 16 KA ADISYONÈL CORONAVIRUS NAN ETA NEW YORK - KI BAY YON TOTAL 105 ATRAVÈ ETA A

Gouvènè a fè apèl a Gouvènman federal la pou akselere apwobasyon tèl otomatik ak manyèl pou elaji kapasite tèl yo

Li te deklare Eta Dijans yè pou akselere akizisyon founiti pou netwayaj yo ak ekipman pou fè tèl yo

Gouvènè a ankouraje moun travay lakay yo, itilize kominikasyon a distans epi evite espas ki ranpli ak moun chak fwa sa posib pou ede kontwole pwopagasyon viris la

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te konfime 16 ka adisyonèl nouvo Coronavirus nan Eta New York apati dènye mizajou li a, sa ki bay yon total 105 ka konfime. Nan 16 nouvo ka yo idantifye depi dènye mizajou Gouvènè a, gen 12 ki nan Konte Westchester, youn nan Vil New York nan Bronx, youn nan Nassau, youn nan Suffolk, ak youn nan Ulster. Anplis de sa, jodi a Gouvènè a te fè apèl ak gouvènman federal la pou akselere apwobasyon yo sou laboratwa prive yo ak tèl manyèl ak otomatik pou elaji kapasite tèl Eta New York. Li te ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo travay lakay yo, pou yo kominike a distans epi evite espas ki ranpli ak moun chak fwa sa posib pou ede kontwole pwopagasyon viris la.

Nan total 105 moun nan Eta New York tèl yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Westchester: 82
Vil New York: 12
Nassau: 5
Suffolk: 1
Rockland: 2
Ulster: 1
Saratoga: 2

"Nou ap kontinye teste moun epi travay ak lopital ak gouvènman lokal yo nan ba yo resous yo bezwen pou kontwole pwopagasyon viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te mobilize byen vit, men gouvènman federal la lan sou dosye a epi yo kontinye ralanti. Sa a pa akseptab - nou bezwen yo pou yo apwouve laboratwa prive sa yo jodi a

pou nou ka pran yon longè davans sou evolasyon sityasyon sa a. Sa ki pi mal pase viris la kounye a se pandemi pèrèz la - epi jwenn enstalasyon anplis sa yo sou entènèt pral asire ke nou gen plis done ki pral ede moun yo kalme yo."

Pandan yon kontrandi sou nouvo Coronavirus la yè, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke li [te deklare yon eta dijans](#) pou li ede New York kontwole pwopagasyon viris la pi rapid ak plis efikasite. Deklarasyon Eta Dijans lan pèmèt, pou nou site sa yo sèlman:

- Akizasyon akselere founiti netwayaj, dezenfektan pou men (sanitayzè) ak lòt resous esansyèl yo
- Pèmèt pwofesyonèl ki kalifye men ki pa doktè ak enfimiyè fè tès yo
- Akizasyon akselere founiti pou tès ak ekipman yo
- Entegrasyon pèsònèl akselere
- Lwe espas laboratwa yon fason akselere
- Pèmèt anplwaye EMS yo transpòte pasyan yo pou mete yo nan lye an karantèn yo ki pa jis lopital yo
- Bay yon baz klè pou pri ki ogmante yon fason malonèt ak ankèt lapolis

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)